

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar, bisa dicindekkeun yén adegan konvérsasi (paguneman) mangrupa unit pangjembarna tina wacana atawa basa nu sipatna interaksional. Aya 66 paguneman nu kapanggih tina naskah drama *Jeblog*. Éta adegan paguneman téh bisa dicindekkeun kana opat hal, nyaéta wanda topik paguneman, patalina antar subjejer dina adegan konvérsasi, pola interaksi konvérsasi, jeung dominasi palaku konvérsasi.

Wanda topik paguneman nyoko kana judul topik anu diomongkeun salila paguneman. Kapanggih aya tilu wanda topik paguneman, nyaéta topik salancar 35 paguneman, topik jembar 25 paguneman jeung topik sambung-luncat 6 paguneman. Topik salancar mangrupa topik nu panglobana, kadua panglobana nyaéta topik jembar sarta topik sambung luncat nu pangsaeutikna.

Subjejer konvérsasi nyoko kana inti eusi paguneman. Kapanggih aya 14 jejer paguneman, nyaéta a) bulan, 3 subjejer. b) kiamah, 2 subjejer. c) kahayang, 4 subjejer. d) nyawang, 7 subjejer. e) kahirupan, 8 subjejer. f) reuwas, 2 subjejer. g) panasaran, 2 subjejer. h) ngapung, 13 subjejer. i) ngedalkeun, 6 subjejer. j) wanoja, 6 subjejer. k) ninggalkeun, 3 subjejer. l) waktu, 4 subjejer. m) tempat, 3 subjejer. jeung n) téroris, 3 subjejer. Jejer ngapung kaasup anu panglobana muncul (13 paguneman). Ari jejer kiamah, reuwas, jeung panasaran jejer anu pangsaeutikna muncul (2 paguneman). Sésana jejer anu aya di antara 3 nepi ka 8 paguneman.

Dina 66 data téks paguneman, kapaluruh aya 8 pola interaksi konvérsasi anu sipatna timbal balik antar panyatur jeung pamiarsa. Pola 1 : $AK \rightarrow C - A - C - A - (n)$. Kapanggih dua pola anu nuduhkeun pola 1, nyaéta $AK \rightarrow C - A - C - A - C - A$ jeung $AK \rightarrow A - C - A - C - A - C$. Pola 2: $AK \rightarrow C - B - C - B - (n)$. Pola 3: $AK \rightarrow D - E - D - E - (n)$. Pola 4: $AK \rightarrow A - A1 - A - A1 - (n)$. Kapanggih dua pola anu nuduhkeun pola 4, nyaéta $AK \rightarrow A - A1 - A - A1$ jeung $AK \rightarrow A1 - A - A1 - A$. Pola 5: $AK \rightarrow B - B1 - B - B1 - (n)$. Kapanggih dua pola anu nuduhkeun pola 5, nyaéta $AK \rightarrow B - B1 - B - B1$ jeung $AK \rightarrow B1 - B - B1 - B$.

Pola 6: $AK \rightarrow C - C1 - C - C1 - (n)$. Kapanggih dua pola anu nuduhkeun pola 6, nyaéta $AK \rightarrow C - C1 - C - C1$ jeung $AK \rightarrow C1 - C - C1 - C$. Pola 7: $AK \rightarrow A - B - C - (n)$. Kapanggih lima pola anu nuduhkeun pola 7, nyaéta $AK \rightarrow A - B - C - B - A$, $AK \rightarrow C - A - C - B$, $AK \rightarrow B - A - B - C - B - A$, $AK \rightarrow B - C - B - A - C - B$, jeung $AK \rightarrow C - B - A - B - A$. Pola 8: $AK \rightarrow A - B - C - Dx - (n)$. Kapanggih tilu pola anu nuduhkeun pola 8, nyaéta $AK \rightarrow A - B - Dx$, $AK \rightarrow A - B - C - Dx$, jeung $AK \rightarrow Dx - A - Dx - C - Dx - B - A - C - B$.

Dominasi palaku konvérsasi nu kabagi jadi dua papasingan, nyaéta dominasi palaku tunggal jeung dominasi palaku saimbang. Dominasi palaku tunggal, dominan ku tokoh A anu mibanda 14 paguneman. Sesana palaku C mibanda 12 paguneman jeung palaku B mibanda 9 paguneman. Ari dominasi palaku saimbang, dominan ku tokoh C jeung A nu mibanda 8 paguneman. Sesana omongan nu saimbang dina paguneman B - C (2 paguneman) , paguneman C - A (8 paguneman), paguneman A - A1 (8 paguneman), paguneman B - B1 (2 paguneman), paguneman C - C1 (sapaguneman), paguneman D - E (2 paguneman), paguneman B, C jeung Dx (sapaguneman).

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan, sabada nengetan, nganalisis sarta ngalaporkeun wanda topik paguneman, patalina antar subjejer dina adegan paguneman, pola interaksi jeung dominasi palaku konvérsasi dina naskah drama *Jeblog*, dipiharep bisa ngaronjatkeun pangaweruh kabasaan pragmatik. Ari dunya atikan, dipiharep bisa leuwih ngajembaran pangaweruh ngeunaan wanda topik paguneman, patalina antar subjejer dina adegan paguneman, pola interaksi jeung dominasi palaku konvérsasi, hususna pikeun mahasiswa.

5.3 Saran

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, ieu panalungtikan medar adegan konvérsasi dina naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar ditalungtik maké ulikan pragmatik. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan séjénna ngagunakeun élmu séjénna.

Kadua, panalungtikan ngeunaan adegan konvérsasi téh kawilang saeutik. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun naskah drama *Jeblog* karya Nazaruddin Azhar bisa kapanggih dina rupa-rupa wangun komunikasi.

Katilu, ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudangkeun karep pikeun mikawanoh kana karya sastra Sunda.